दिन–मंगल दिनांक–04.11.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक पहिल चरणक लेल प्रचारक जोर–शोर आइ सांझ समाप्त भऽ गेल। एहि चरणक लेल छओ नवम्बर कऽ अठारह जिलाक एक सय एक्कैस विधानसभा क्षेत्र मे मतदान होयत। पहिल चरणक चुनाव प्रचारक दरमियान एनडीए आ महागठबंधनक नेता सभ एक दोसरा पर तीखगर आरोप–प्रत्यारोप लगौलनि। एनडीएक दिस सँ भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह, जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सहित भाजपा शासित राज्यक मुख्यमंत्री सभ विभिन्न विधानसभा क्षेत्र मे तूफानी दौरा कयलनि। ओतहि, महागठबंधनक दिस सँ तेजस्वी प्रसाद यादव चुनाव प्रचारक कमान सम्हारने रहलाह। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी, प्रियंका गांधी आ वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी सेहो जोरदार प्रचार कयलनि।

---

छओ नवम्बर कऽ होबयवला पहिल चरणक मतदानक लेल एक सय बाईस महिला सहित एक हजार तीन सय चौदह उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। भोरे विधानसभा क्षेत्र सँ प्रीति किन्नर ट्रांसजेंडर उम्मीदवारक रूप मे पहिल बेर जनसुराजक टिकट पर चुनावी मैदान मे छथि। पहिल चरण मे कतेको प्रमुख प्रत्याशी लोकनिक चुनावी किस्मत दांव पर अछि। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हाक चुनावी भाग्यक निर्णय एहि चरण मे होयत। राघोपुर विधानसभा क्षेत्र सँ राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव चुनावी मैदान छथि। मंगल पांडेय, विजय कुमार चौधरी, श्रवण कुमार, नितिन नवीन आ संजय सरावगी आओर महेश्वर हजारी सहित सोलह मंत्री सभक चुनावी भाग्यक निर्णय सेहो छओ नवम्बर कऽ भऽ जायत। एकर अतिरिक्त मतदाता भोजपुरी फिल्मक जानल–मानल अभिनेता खेसारी लाल यादव आ लोक गायिका मैथिली ठाकुर कँ भाग्यक निर्णय सेहो करताह। महुआ सँ जनशक्ति जनता दलक प्रमुख तेज प्रताप यादव के सेहो चुनावी किस्मत दांव पर अछि।

---

पहिल चरण मे तीन करोड़ पचहत्तरि लाख तेरह हजार सँ बेसी मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कऽ सकताह। मतदानक लेल पैंतालीस हजार तीन सय एकतालीस पोलिंग बूथ बनाओल गेल अछि। मतदान भोर सात बजे आरंभ होयत आ सांझ छओ बजे धरि जारी रहत। सिमरी बख्तियारपुर, महिषी, मुंगेर आ जमालपुर विधानसभा क्षेत्रक लेल मतदानक समय सांझ पांच बजे धरिक निर्धारित अछि। एकर अतिरिक्त, सूर्यगढ़ा विधानसभा क्षेत्रक छप्पन मतदान केंद्र पर सेहो अपराह्न पांच बजे धरि भोट खसाओल जायत। स्वतंत्र, निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण चुनाव सम्पन्न करेबाक लेल सुरक्षाक व्यापक इंतजाम कयल गेल अछि।

———————————————————

पहिल चरणक चुनाव प्रचार समाप्त होयबाक बाद दोसर चरणक चुनाव प्रचार मे तेजी आबि गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आइ ''मेरा बूथ सबसे मजबूत''अभियानक अंतर्गत वर्चुअल माध्यमे प्रदेशक महिला लोकनिक संग संवाद कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे एनडीए सरकार सामाजिक न्यायक लेल पूरा तरहें प्रतिबद्ध अछि आ महिला सभक सभ क्षेत्र मे भागीदारी सुनिश्चित भऽ रहल अछि। ओ पार्टीक महिला कार्यकर्ता सभक चुनाव मे भूमिकाक सराहना कयलनि। संवाद मे भाग लैत एक महिला कार्यकर्ता कहलनि जे एनडीए सरकार महिला सशक्तिकरण पर विशेष ध्यान देलक अछि।

———————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह मोतिहारी मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री शाह कहलनि जे परिवारवादी पार्टी कखनहुं आम लोकक चिंता नहिं कऽ सकैत अछि। ओ कहलनि जे जंगलराजक प्रतीक बनि चुकल पार्टी सभ एक बेर फेर भेश बदलिकऽ सत्ता पर काबिज होबय चाहि रहल अछि मुदा बिहारक जनता हिनक सभक मंसूबा कँ कखनो सफल नहिं होबय देत। एम्हर, जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सुपौलक त्रिवेणीगंज मे चुनावी सभा कँ संबोधित करैत कहलनि जे केंद्र सरकारक सहयोग सँ बिहार लगातार प्रगति पथ पर आगां बढ़ि रहल अछि।

———————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे महागठबंधन सरकार बनबा पर किसान सभक लेल विशेष राहत पैकेज आनल जायत। श्री यादव पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे सरकार बनबा पर महिला सभक खाता मे एकमुश्त तीस हजार टाकाक राशि पठाओल जायत।

———————————————————————————

आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे भाजपाक बिहार चुनाव प्रभारी धर्मेन्द्र प्रधान महागठबंधन पर राज्यक जनता के भ्रमित करबाक आरोप लगौलनि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।